

Kàdduy Jooytu

Le livre des Lamentations en wolof

traduit de l'hébreu et publié par
la Mission Baptiste du Sénégal

B.P. 8408, 14523 Dakar

B.P. 1229, 23022 Thiès

Traduction provisoire

Droit de reproduction © 2013 Mission Baptiste du Sénégal

Tous droits réservés.

Quiconque voudrait le reproduire devra inclure la déclaration de droit d'auteur ci-dessus.

Pour la reproduction en plus de 250 exemplaires, veuillez écrire à l'adresse suivante:

B.P. 1229 — Thiès, Sénégal

Ku ko bëgga sotti, na ci boole kàdduy sañ-sañu boroom yii:

"© 2013 Mission Baptiste du Sénégal."

Ku ko bëgga sotti lu ëpp 250 yoon, na bind ci :

B.P. 1229 — Thiès, Sénégal

Pour mieux lire ce livre...

L'alphabet officiel dont on se sert est facile à lire. Les seuls symboles qui présentent une certaine difficulté sont les suivants:

j	se trouve dans	la paix	--jàmm (ji)
	et	dernier	--muuj
c	se trouve dans	le couscous	--cere (ji)
	et	descendre	--wàcc
ñ	se trouve dans	tous	--ñépp
	et	refuser	--bañ
x	se trouve dans	savoir	--xam
	et	la main	--loxo (bi)
ë	se trouve dans	l'œil	--bèt (bi)
	et	demain	--ëllëg
ŋ	se trouve dans	la mâchoire	--ŋaam (wi)
	et	seulement	--doŋŋ

Une différence existe entre **a** et **à**

baigner	--sang	revêtir	--sàng
l'encensoir	--and (bi)	accompagner	--ànd

La voyelle est **doublée** pour indiquer la longueur

valoir	--jar	passer par	--jaar
être propre	--set	chercher	--seet
le cœur	--xol (bi)	regarder	--xool
le nom	--tur (wi)	répandre	--tuur

La voyelle est **accentuée** pour indiquer la fermeture

souper	--reer	être perdu	--réer
jeûner	--woor	être sûr	--wóor

Li nuy bëgga lim lu nu tëral la, bëgg cee déggook bokki jàngkat yu tedd yi,
ngir déggin wi leer, ba deesu ko jaawatle.

Nanu ràññee...

nanu ak nañu

Dees na wax: «(Nun) war nañoo dem» (**n** bi am maas bii: ~).

Waaye danu koo taamoo binde nii:

«(Nun) war **nanoo** dem,»

ngir ñu bañ koo jaawatleek: «War nañoo dem (ñoom).»

naa ak na

Bu loolu weesoo, dees na wax: «(Moom) war naa dem.»

Waaye danu koo taamoo binde nii:

«(Moom) war **na** dem,»

ngir ñu bañ koo jaawatleek: «War **naa** dem (man).»

leen ak léen

Te it dees na wax, «Bëgg nanu leen (ñoom).»

Waaye danu koo taamoo binde nii:

«Bëgg nanu **léen** (ñoom),» (**léen** am maas bii: ´)

ngir ñu bañ koo jaawatleek: «Bëgg nanu **leen** (yéen).»

Noonu:

Yéen ñi gëm, Yàlla musal na **leen**.

Ñoom ñi gemul, Yàlla rëbb na **léen**.

Boo gisee màndarga mii --- , xamal ne kàddu gee yeggul. Dafa dog, mbaa
muy wax ju ñu junj rekk.

Mbind yi ñu ràññale ak yi ñu dijjal, bokkul ci mbindum Yàlla mu sell, mi
ñu jukkee ci téere yu jëkk ya.

Boo gisee baat bu ñu tofal araf bu tuuti bu mel nii **a**, seetal lu muy tekki ci
suufu xët mi.

Boo gisee tomb bii ° ci boppu baat, seetal lu muy tekki ci *Leeral yi*, fi téere
biy waaja jeexe.

Kàdduy Jooytu

Yonent Yàlla Yeremi àddu na

1 ¹ Ndeysaan! Yerusalem aka wéet tey!
Te mbooloom noon gàññ démb.

Ndeysaan! Mu dib jëtun tey,
te noon ràññ fi biir xeet yi!
Doonoon lingeeru diiwaan yi,
tey mu sasoo liggéeyu sañul-bañ.

² Day fanaanee jooya jooy,
rongooñ yay bas-basi,
te du kenn ku koy dëfal
ci mboolem i soppeem.
Xaritoo xarit wor ko,
walbatiku di noonam.

³ Yóbbu nañu Yuda ngàllo
ci biir naqar ak njaam gu metti.
Ñu ngi dëkk ci biiri jaambur,
amuñu fu ñu nopploo,
képp ku léen di topp dabe léen
fu ñu léen di tance.

⁴ Yoon yi jëm Siyoŋ^a jooy na wéet,
kenn jaareetu ca maggalsi.
Pénc yépp a gental,
sarxalkat yay binni,

^a 1.4 *Siyon* mooy Yerusalem itam.

janq ja jàq,

Siyon am naqar!

⁵ Seen noon yaa jiite tey,

seen bañ yooyoo ne finaax,

Aji Sax jee mbugale waa Siyon

seeni tooñ yu bare,

ba seeni doom dem,

di surgawu noon.

⁶ Lu doon sagub Siyon, dëkk bu taaru bi,

tey sàggiku na.

Seeni garmee ngi mel ni kéwél

yu amul parlu,

amatuñu doole,

rëbb ne léen dann.

⁷ Waa Yerusalem a ngii tey,

jàq, tumurànke,

di fàttliku mboolem seen ngëneeli démb,

keroog ba ñu tàbbee loxol noon, te wall amul.

Noon ba gis ñu yàqule,

ñu di léen ree.

⁸ Yerusalem a moya moy,

ba mujj mel ni sagaru sobe;

ku ko teraloon, sofental ko,

ndax gis ko, mu ne duññ,

dummóoyu,

di binni ndax gâce.

⁹ Sobey Siyoŋ ca pendalam,
te bàyyiwul xel ag mujam.

Moo tax jéllam ba yéeme,
te amul ku ko dēfal.

Siyon nee: «Éy Aji Sax ji, xool ma, jàq naa;
noon bi déy, am na ndam!»

¹⁰ Noon bee tàllal loxoom,
aakimoo ngēneeli Siyoŋ gépp.

Waa Siyoŋ kay a gis yéefar yi
songsi këram gu sell gi,
te yaw Yàlla, nga aaye woon léen
ñu dugg sam ndaje.

¹¹ Waa Siyoŋ gépp a ngi binni,
di wut ab dund^b,
di weccikoo seeni ngēneel aw ñam
wu ñu leqlikoo.

Yerusalem àddu na

Éy Aji Sax ji, xoolal,
gisal, jaratuma dara!

¹² Yéen ñiy romb de, lii safu leen,
waaye xool-leen rekk ba gis
ndax wenn naqar dab na
sama naqar wii ma dal,
te Aji Sax ji teg ma ko
ci bésub meram mu réy mi.

^b **1.11 wut ab dund:** li léen xañ ab dund mooy gaw bu yàgg bu ñu léen gaw, ba ñu mujj xiif lool.
Seetal ci 2.Buur ya 25.1-3.

¹³ Fa kaw la Aji Sax ji yebale sawara
 wu dajal samay yax,
 mu teg ca laaw caax bu ma fakktal,
 waññi ma,
 ma jànnaxe,
 fu ma toll ne yogg.

¹⁴ Samay tooñ la Aji Sax ji boole,
 faste ci loxoom,
 teg ko sama kaw ndodd,
 ba jeexal sama doole.
 Boroom bi tàbbal na ma
 loxo yu ma manula të.

¹⁵ Ku doon jàmbaar fi sama biir,
 Boroom bi xalab na la.
 Da maa wooteel am ndaje,
 ngir falaxe sama xale yu góor.
 Boroom bee dëggaate Yudaa mu taaru mi,
 ba mu mel ni reseñ ju ñu nal.

¹⁶ Looloo ma tax di jooy,
 rongooñ di wal-wali.
 Du kenn ku may dëfal,
 mbaa kuy seral sama xol.
 Samay doom a ngi jaaxle,
 noon bi daan na.

Yeremi àddu na

¹⁷ °Siyonj tàllal na loxoom,
 waaye amul ku ko dëfal.

Aji Sax jee dogalal waa kër Yanqóoba
 ñi leen wër di seeni noon,
 Yerusalem mujj mel ni
 sagaru sobe fi seen biir.

Yerusalem àddu na

¹⁸ Aji Sax jee yey,
 maa gàntal kàddoom.
 Yéen, xeetoo xeet, dégluleen
 te xool samaw tiis.
 Samay gone, góor ak jigéen,
 ànd duggi ngàllo!

¹⁹ Damaa woo samay soppe wall,
 ñu wor ma.
 Samay sarxalkat ak samay mag
 di wuti ab dund,
 ngir leqliku,
 far faatu ci biir dëkk bi.

²⁰ Éy Aji Sax ji, xool ma, jàq naa,
 bopp ubu,
 xol fuddu ndax u tiis.
 Man de maa gàntal ba gàntaaral,
 ba biti bi, saamar di fa bóome,
 biir kër it di ndee.

²¹ Dégg nañu may binni ndax u naqar,
 awma ku ma dëfal.
 Noon yépp a dégg naqar
 wi nga ma teg, ñu di ko bége.

Ngalla indil bés bi nga dige,
 ba ñu daj li ma daj.

²² Yal na seen gépp mbon teew fi sa kanam,
 ba nga def léen
 ni nga ma def
 ndax mboolem samay tooñ.

Maa ngi binnee binni,
 sama xol jeex tàkk.»

Yeremi àddu na

2 ¹ Ndeysaan Boroom bi mer na,
 nara xiinal °Siyon mu taaru mi.

Daa rattax sagu Israyil,
 mu xalangoo asamaan, detteelu fi suuf.
 Keroog bésu meram ma,
 daa gedd këram ga doon ndëggastalam.

² Boroom bee modd te yërëmul
 mboolem sancii Yanqóoba.

Mer na ba màbb
 tatay Yuda mu taaru ma.

Moo detteel nguur ak i garmeem,
 ñu bokk torox.

³ Meram ma tàkk, mu dagg
 gépp kàttanu Israyil,

ba roccee ndijooram fa seen biir,
 te ñu janook noon ba.

Daa tàkk jippét ni sawara biir réewum Yanqóoba,
 ba xoyom mboolem la ko wër.

⁴ Boroom bee mel ni noonu Siyoŋ, bankal ko xalaam,
 mel ni ku bokk ciy bañam, diire ko ndijooram,
 ba bóom képp ku neexa xool
 ci biir xaymay Siyoŋ mu taaru ma;
 xadaram ni sawara,
 mu xëpp léen.

⁵ Boroom bee mel nib noon,
 modd Israyil,
 moddaale këram yu taaru yépp,
 tas i tataam,
 ba fulal Yuda mu taaru ma
 ay yuux ak i jooy.

⁶ Mbaaram it, mu tas ni bu doon mbaarum tool,
 digle woon fa màggal; tey mu rajaxe ko.
 Aji Sax ji dakkal na fi Siyoŋ
 màggal ak bésub Noflaay,
 te mer mu tàng jérr
 la xalabe buur ak sarxalkat.

⁷ Aji Sax ji daa jañax sarxalukaayam,
 gedd bérabam bu sell ba.
 Moo teg ci loxol noon bi
 ay tataam.
 Coow a jibe kër Aji Sax ji ni bésu màggal,
 te booba noon baa daan, bay xaacu.

⁸ Aji Sax jee dogu woon
 ne day tas tatay Siyoŋ mu taaru ma.
 Da koo natte buum ni kuy tabax,

door koo màbb te ñébluwu ko.

Joyloo na tata ak tabax ba koy feg,

ñu ànd ne lànjaŋ.

⁹ Daa dammat weñi tëjukaayi buntu dëkk ba,

lafi bunt ba jóoru, ba suulu;

buur ak i garmeem tumurànkeji ca biir yéefar ya,

téereb yoon amul,

yonent it gisatul peeñu

mu bawoo fa Aji Sax ji.

¹⁰ Magi Siyoŋ mu taaru maa nga,

toog fa suuf, ne xerem,

xëppoo suuf,

sol i saaku, di ñaawlu.

Janqi Yerusalem sukk,

dëpp seen jë fa suuf, di tiislu.

¹¹ Damaa jooy ba amatumay gët,

bopp ubu,

xol ŋiis, jeex tàkk:

sama waa dëkk bi tas tasar,

tuut t ànkoo gone guy n àmp

ne lasar fi mbedd yi!

¹² Ñu ŋi naan:

«Éy yaay, fu nuy lekke ba naan?»

te ne lasiim ca mbedd ya

ni ñu gaañoo xare,

mbaa bakkan di tàggoo

fa ñu uufoo ca weenu yaay.

¹³ Yéen waa Yerusalem mu taaru mi,
lu ma leen di wax? Ku ma leen di méngaleel?

Yéen waa Siyoŋ mu jekk mu taaru mi,
ku ma leen di dendaleel, ba seral seen xol?

Seen góom yaa na ni géej.

Ana ku leen di faj?

¹⁴ Seen peeñuy yonent yi du lenn
lu moy lasob caaxaan bu ñu leen raayal.

Biraluñu seeni ñaawteef,

ngir tijji seen wërsëg,

xanaa di leen waxyul

caaxaan ak naxi neen.

¹⁵ Képp ku fi jaare

da leen di reetaan,

ciipu, wëcc bopp ci gentub Yerusalem mu taaru mi,

te naan: «Xanaa kay du dëkk bii lañu doon naa

taar bu sotti,

mbégtem àddina sépp?»

¹⁶ Seen noon yépp a ànd,

di leen ñaawal,

di leen kókkaleek a kekku

te naan: «Sànk nanu léen nag!

Yàgg nanoo xaar bii bés,

fekke nanu ko tey.»

¹⁷ Aji Sax ji def na la mu nammoon,

ba sottal kàddoom

ga mu dogaloon lu yàgg.

Moo fàdd, yërëmul,
 may noon mu ree leen,
 may seeni bañ ndam.

¹⁸ Mbooloo maa ngi jooy jooyi xol
 fi kanam Boroom bi.
 Éy yaw tatay Siyon mu taaru mi,
 tuural say rongooñ ni walum dex guddeek bëccëg;
 bul nopplu,
 bu say rongooñ fer.

¹⁹ Deel jóg guddi, di xaacu,
 bu wattub guddi dee door.
 Yebbil sab xol,
 diis ko Boroom bi.
 Tàllal koy loxo,
 ngir sa bakkani doom
 yi xiif, ne lasiim
 fi boppu mbeddoo mbedd.

Waa Yerusalem àddu na

²⁰ Éy Aji Sax ji, xoolal, seetal rekk!
 Xanaa du nun ngay def nii kay!
 Ndey dem bay yàpp doom
 te muy doom ji mu sukk jur!
 Bóom nañu sarxalkat ak ub yonent
 fi bérabu Aji Sax bu sell bi!

²¹ Mag ak ndaw a ngi tëdd
 fi pëndu mbedd yi;
 sama janq jeek waxambaane yi

ne lareet, saamar tëral.

Yaa bóom ci sa bésub mer mi,
yaa rendi te yërëmoo.

²² Yaa woote ni bésu màggal,
tiitaange ndar-kepp ma.

Bésub merum Aji Sax ji
kenn rëccul, kenn muccul.

Sama doom yi ma jur, yar léen,
noon ba neenal léen!

Nit a ngi tawat

3 ¹ Man mii maa gis u naqar,
Aji Sax ji mere ma, dumaa ma ko.

² Man la wommat,
waaye lëndëm la may doxloo, dug leer,

³ nennu ma rekk saa su ne,
di ma yen ak a yenaat diisaayu loxoom.

⁴ Da maa jeexal, ma wow koŋŋ,
tas samay yax tasar;

⁵ aw naqar ak coono la ma gawe,
wër ma ndombo,

⁶ dëël ma biir lëndëm
ni ku dee bu yàgg.

⁷ Da ma ne ràpp tëj, duma génn,
jéngé ma jéng yu diis.

⁸ Su ma nee wallóoy it,
mu tanqamlu.

⁹ Ay doji yett la ma gällankoore,
lëntal sama yoon.

¹⁰ Daa mel ni segg mu may tëru,
mbaa gaynde guy yeerom ngeer,

¹¹ wàcce ma samaw yoon, xotat ma,
teg ma njàqare,

¹² tàwwil ma xalaam,
diir ma fittam.

¹³ Moo soqi fittam yépp
ci sama xol bii.

¹⁴ Léegi sama bokk yépp a ngi may ree
di ma woye saa su ne.

¹⁵ Moo ma reggal wextan,
màndal ma lu mel ni xay.

¹⁶ Yéyloo na may doj,
dëggaate ma ci pënd bi.

¹⁷ Jàmmi xol réer na ma,
fàtte naa sax bänneex.

¹⁸ Ma ne manatuma!
Yaakaaratuma Aji Sax ji.

¹⁹ Yàlla, baal xel sama naqar ak sama tumurànke
gii mel ni tooke gu wex xàtt!

²⁰ May xalaata xalaat,
sama xol jeex tàkk!

²¹ Waaye lii mooy li may bàyyi xel,
ba dese yaakaar:

²² Aji Sax ji, ngoram du jeex,
te yërmandeem amul kem;

²³ day yeeslu, fenkandook jant bi.
Aka rey worma!

²⁴ Dama noon: «Aji Sax ji laa séddoo,»
moo tax ma di ko yaakaar.

²⁵ Aji Sax jee baax ci ku ko yaakaar,
baax ci ku koy sàkku.

²⁶ Li baax mooy muñ,
di xaar wallu Aji Sax ji.

²⁷ Li baax ci nit mooy
nangoo muñ ba ngay ndaw.

²⁸ Bu la Aji Sax ji tegee nattu,
berul te muñ.

²⁹ Nangul ne ñàpp ci suuf,
jombul Yàlla dikk.

³⁰ Dékkal ub lex ku lay mbej,
di la tifaar i saaga, ba nga tooy.

³¹ Boroom bi déy
du la wacc ba fàww.

³² Bu la tegee nattu it, yërëm la,
ngoram a ni baree.

³³ Du bàmneexam lay tege coono
ak a nattoo doom aadama.

³⁴ Dox di not
mboolem ku ñu tëj cim réew,

³⁵ ak di jalgati yelleefu nit

fi kanam Aji Kawe ji,

³⁶ mbaa ngay been dëgg cib layoom it,
foog nga ne Boroom bi du ko gis a?

³⁷ Ana ku wax, mu am,

te Boroom bi dogalu ko?

³⁸ Muy lu aay ak lu baax,

du Aji Kawe jeey àddu, amal?

³⁹ Kuy dund, ana loo deeti jàmbat

te yooloowoo lu moy sa ãnu bàkkaar?

⁴⁰ Nan natt ba xoolaat jikko yi

te dellu ci Aji Sax ji.

⁴¹ Nan tàllal loxo Yàlla ji fi asamaan,

xol ànd ci, te ne:

⁴² «Noo tooñ, noo la gàntal,

yaw, nga bañ noo jéggal.»

⁴³ Dangaa làmboo sa mer, topp nu,

di bóom te ñéebluwoo,

⁴⁴ làmboo aw niir,

ba ag ñaan du ko jàll.

⁴⁵ Yaa nu def nuy mbuubitum sën

fi biir xeet yi.

⁴⁶ Noonoo noon

di nu waxal,

⁴⁷ tiitaangeek mbetteel dal nu,

nu yàqu yaxeeet.

⁴⁸ Saay gët di wal,

may jooy waa réew mi rajaxoo.

⁴⁹ Rongoon ferul,

ñiisul,

⁵⁰ ba keroog Aji Sax ji

di séentoo asamaan.

⁵¹ Bu ma gisee li dal jigéeni dëkk bi yépp,

sama xol jeex.

⁵² Ñi ma bañ nag, te defuma dara,

këpptal nañu maa këpptal ni picc,

⁵³ tàbbal ma cib teen,

ube kow doj, ràpp,

⁵⁴ ndox ma mëdd ma,

ma ne sàнку naa.

⁵⁵ Ma yuuxoo fa xóotey pax ma,

ne Aji Sax ji: «Wallóoy!»

⁵⁶ Dégg nga, ma di la tinu, ne la:

«Éy bu ma tanqamlu, woo naa la wall.»

⁵⁷ Ba ma la wooyee, nga wuyu,

ne ma: «Bul tiit.»

⁵⁸ Boroom bi, yaa sàmm sama àq,

jot sama bakkan.

⁵⁹ Aji Sax ji, yaa gis ni ñu ma tooñe,

nanga ma àtte sama àtte.

⁶⁰ Yaa gis mboolem li ñuy feyoo,

muy mboolem li ñu may fexeel.

⁶¹ Aji Sax ji, yaa dégg seen gépp kàdduy kókkali

ak li ñu ma fexeel lépp.

⁶² Ñu ngi may diisool ak a déeyool,

fu ñu toll.

⁶³ Xoolal, ñu tëdd ak ñu toog,
man mii lañuy lééboo.

⁶⁴ Ngalla Aji Sax ji,
añale léen seen jëf.

⁶⁵ Muural seen um xel,
alage léen ko.

⁶⁶ Aji Sax ji, toppe léen sa mer, sànk léen,
ñu toxoo fu sa asamaan tiim.

Ku mucc xare wax na

4 ¹ Ndeysaan, wurus waa nga giim,
wurusu ngalam wa soppiku na.

Doj yu sell yaa nga wasaaroo,
wasar boppu mbeddoo mbedd.

² Doomi °Siyon yu góor yaa,
jaronon démb seen diisaay ci wurus,
ndeysaan tey, ñu xeeb léen ni njaqi ban
lu tabaxkatu njaq tabaxe loxoom.

³ Ag till sax am na xolu ndey,
di nàmpal doomam,
waaye sama bokk yi di néege seeni fere,
mel ni bànjóoli, nen, wacce màndiñ ma.

⁴ Luy nàmp a nga mara mar,
ba làmmiñ taqoo denqleñ.
Gone yaa ngi ñaan mburu,
du kenn ku léen may ub dog.

⁵ Ñi daan berndeelu,
tey ñu ne lasar ca mbedd ya.

Ña yaroo démb yérey buur,
tey ñuy jéex i mbuubit.

⁶ Sama ñaawteefu bokk yi màgg na,
ba raw ñaawteefu waa Sodom^c,
dëkk ba jekki jàllarbiku,
te loxo laalu ko.

⁷ Sunu kàngam ya setoon wecc,
seen yaram mucc gàkk,
di lèrxat bay tàkk,
wér péŋŋ, leer nàññ.

⁸ Tey ñu gëna lëndëm bàŋqanoos,
xàmmeesu léen fi mbedd yi,
ñu ŋi lax, di yaxi neen,
der wow koŋŋ ni matt!

⁹ Ña deeye xaree gën u demin
ña deeye xiif,
ñàkk dugub,
jeex tàkk, ne lasar,

¹⁰ Céy musiba mi dikkal bokk yi,
ba ndey ak xolu njureelam
togg doomi boppam,
sukk, lekk ko!

^c 4.6 *Sodom*: seetal ci Njàlbéen ga 19.24-25.

¹¹ Aji Sax jee xëpp xadaram,
 sotti tangooru meram,
 jafal Siyoŋ,
 ba xoyom kenu ya.

¹² Du benn buur fi kaw suuf bu gëmoon,
 du kenn ci àddina ku géntoon
 ne bañ ak ub noon am na menn pexe,
 ba song Yerusalem, jàll i buntam.

¹³ Seen bàkkaari yonent yaa,
 seen ñaawteefi sarxalkat yaa;
 ñoo tuur fa digg dëkk ba
 deretu aji jub ñi.

¹⁴ Ña ngay tēñëx-tēñëxi niy gumba ci mbedd yi,
 deret ja sobeel léen,
 seen yére ya taq ripp,
 ba maneesu léena laal.

¹⁵ Nit ña naan léen: «Ayca, boroom sobe yi!
 Ayca, ayca, buleen nu jege.»
 Ñuy daw di tambaambalu ba ca yeneeni xeet;
 ñu ne léen: «Du fii!»

¹⁶ Aji Sax ji ci boppam a léen tasaare,
 faaleetu léen;
 cér séexlu sarxalkat,
 teraanga réer mag.

Waa Yerusalem àddu na

¹⁷ Danoo xaara xaar ndimbal, dara;
 nu xoolee xoole, ba gët giim,
 séentoo fa sunuy tata wenn xeet wu nu wallu,
 te manuñu noo wallu.

¹⁸ Ñu di nu tëru,
 manatunoo dem fenn;
 sunu bés jege, sunu àpp di waaja mat,
 sunu saa taxaw!

¹⁹ Sunuy noon di nu dàq,
 gëna gaaw jaxaay,
 ne nu dann ci kaw tund yi,
 di nu yeeru ci màndiŋ mi.

²⁰ Buur bi Aji Sax ji fal, nu di ko noyyee,
 ma nga tancu ca seeni yeer,
 te nu noon mooy sunu kiiraay
 gi nuy yiir ci xeet yi.

Yeremi àddu na

²¹ Yéen Edomeeni^d réewum Ucc,
 bégleeneey te bânneexu,
 yéen it, kaasu mbugal a ngi leen di ganesi,
 màndal leen, ngeen futteeku, ne duŋŋ.

²² Yaw °Siyon, sa mbugal mat na,
 deesatu la yóbbu ngàllo;

^d **4.21 Edomeen** ñaa nga bàyyikoo fa bëj-saalumu Yuda jàpp penku. Ñu ngi soqikoo ci Esawu, magu Yanqóoba, kon bokki Israyil lañu woon, waaye dañoo faroon ak noonni Israyil.

yaw Edom, Aji Sax jee lay fey sa ñaawteef,
weer say bàkkaar.

Yeremee ngi ñaan

- 5** ¹ Éy Aji Sax ji, bàyyil xel li nu dal,
xoolal, gisal rekk sunu toroxte!
- ² Sunu suuf toxu ci loxoy jaambur,
sunuy kër ñeel ay doxandéem.
- ³ Baay dèddu, nu diy jirim;
ndey dib jëtun.
- ⁴ Du nu naan te feyunu xalis;
du nu taal matt te jëndunu.
- ⁵ Dees noo ràng, di nu sonal,
nu loof, amunu noflaay.
- ⁶ Nu nangul Misra,
nangul Asiri ngir ab dund.
- ⁷ Sunuy maam a moyoon, tey nekkatuñu;
noo gàddu seeni mbugal.
- ⁸ Ay surgaa nu yilif,
te amunu wall.
- ⁹ Bu nu lekkee, danoo jaay sunu bakkan,
nde bóomkat yaa ngi ci màndiŋ mi.
- ¹⁰ Sunu yaram a ngi tàng jérr nib taal
ndax xiif bu tar.
- ¹¹ Jigéen ñaa ngi ñuy tédde fi biir °Siyon,
ñook janqi dëkki Yuda.
- ¹² Sunuy kàngam, ñu jàpp wékk;
mag ñi, ñu torxal léen.
- ¹³ Waxambaane yaa ngi ñuy yen doji wolukaay,
gone yu góor yiy gàddu sayi matt, di tërëf.

- ¹⁴ Mag dakkal jataayu pénc,
waxambaane talatula xalam.
- ¹⁵ Xol nux-nuxeetul,
ay rongooñ a wuutuy pooj.
- ¹⁶ Sunu mbaxana foq na.
Wóoy ngalla nun ñi moy Aji Sax ji!
- ¹⁷ Lee jeexal sunu xol,
lilee nu jooyloo, ba gët giim:
- ¹⁸ tundu Siyoŋ daa gental,
ba till di fa daagoo.
- ¹⁹ Waaye yaw Aji Sax ji, yaay toog ba fàww,
sab jal sax, sèt ba sètaat.
- ²⁰ Ana lu jar nga di nu fàtte fàww,
di nu ba lu yàgga yàgg?
- ²¹ Éy Aji Sax ji, delloosi nu, nu délsi fi yaw,
yeesal nu, nu dundaat na woon.
- ²² Yaa nu wacca wacc nii?
Éy xanaa sa mer mi am na kemu?

